3 जुलाई 2021 के घोषणा

भारतीय मसीही दिवस/यीशु भक्ति दिवस

याद के वार्षिक दिन के रूप में, भारतीय मसीही दिवस (यीशु भक्ति दिवस') के रूप में, 3 जुलाई 2021 के ई घोषणा, प्रभु यीशु मसीह के भारतीय मूल के अनुयायियन खातिर, अउर यीशु मसीह के जीवन अउर संदेश के मनावे खातिर बा, जेकरा के 52 ई0 में, उनकर बारह शिष्यन में से एक, प्रेरित संत थोमा के जरिए ले आवल गइल रहे।

ऐतिहासिक रूप से, संत थोमा दिवस के रूप में, मनावल जायेवाला ई दिन, चेन्नई के पास 72 ई0 में प्रेरित के शहादत के याद दिलावेला। एकरा के 2021 में, चिन्हित करत, अउर हरेक साल हमनी के प्रभु यीशु मसीह के अनुयायी के रूप में, भारत के सांस्कृतिक धरोहर के भीतर आपन पहचान के बचावेनी जा, अउर साथे–साथे, ओह सभे लोग के साथ एकजुट होखेनी जा, जे भाषा, री. ति–रिवाज, पंथ, क्षेत्र चाहे धर्म के बावजूद जे उत्सव मनावे के चाहेलन।

3 जुलाई 2021 के भारतीय मसीही दिवस (यीशु भक्ति दिवस) के उत्सव, प्रभु यीशु मसीह के दुनिया खातिर सेवा के 2000 वीं वर्षगांठ के सम्मान करे खातिर, उत्सव के दशक (2021–2030) के शुरूआत करी, जेकर शिक्षा अउर जीवन सिद्धांत, भारत अउर दुनिया के आकार देबे में अउर बदले में मदद कइले बा।